

## 9. WANGKONGAN PAMAN ROESDI.

Isoek-isoek hari ngaropi, 'Pa Roesdi djeung pamanna tea ngawarangkong bae di dapoer, bari ngadagoan boeboej sampen djeung sangraja soekek.



„Sampen djeung soekek teh di pilëmboeran mah ngan dipake deungeun ngopi bae, nja kang?” tjeuk paman Roesdi. „Ari di dajauh mah rea-rea deui pigawecunana.

Boelan toekang koering 'tas njaba ti Bandoeng, ti sobat koering, tangkoelak sampen djeung soekek.

Di Bandoeng mah aja hargaan ieu noe dihoe-  
boej djeung disangraji teh: malah sok radjem  
mahal.

Babakoena sampeu digiling, diarah atjina,  
ari socoek dikampa, diarah minjakna.

Harita koering djangdji ka sobat koering,  
sarta sanggoep mangnjaakeun sampeu djeung  
socoek, lamoen kira-kira gède oentoengna mah.  
Eorang koe koering dilimbang-timbang harga  
muli djeung ngadjoel teh, bés niké! hasilna.  
Koe sabab eta ajeuna koering sakalian bae rek  
balangsiar."

„Ih, akang oge boga sampeu-sampeu bae  
mah," teunbal Pa Roesdi. „Di Pasirlangoe sam-  
peuna aja opat bae, di Pasirmoentjang socoek  
aja tiloe bae. Kira-kira mahsi hargaana mah,  
noe akang 'ge rek didjoel: genra hajoe oorang  
ilikan ka këbon."

Braé Pa Roesdi djeung adina, malah si  
Roesdi djeung Misnëm oge mariloe. Sadjalan-  
djalan teu eureun-eureun njarita hal sampeu  
djeung socoek.

„Bapa, bapa! sampeu koering mah moal  
didjoel, lamoen teu pajoe satangkal sapeser

mah," tjeuk haroedak teh. „Djeung oelah di djoel kabeh atoeah, hisi euweuh boehoejeun keur oerang.”

## 10. DI KĒBON 'PA ROESDI.

„Ach-ach! koetan kang Loerah pareman teh beunghar, kĒbon sampeu mani saloengloeng deuleu, kĒbon soeok pirang<sup>2</sup> loewock. Ieu, lamgen didoeitkeun teh, aja ratoes perakna, kang!” tjeuk paman Roesdi.

„Ajeuna, keun baé koc koering oerang djoel, asal poegoeah hasilna bae, akang tampi laladagna.”

„Ih, sockoer ari sanggoep kitoe mah,” tembal 'Pa Roesdi ka adina. „Hajoé oerang badami bari ngioehan di saeang.

Tjik Roesdi ngarahoet sampeu satangkal pek bocboej, toeh di ditoe dina doeroekan.”

Bari ngarioehan di saeang, pok paman Roesdi njaritakeun deui panggilingan sampeu djeung ngumpa soeok.



Kieu tjeritaanana :

„Sampeu teh sanggeusna digiling atawa diparood pék digaléjan sarta ditjaian saansudjeuhmana. Ti dinja toeloj dipérés bari disaring, ari geus beunang njaring ditampurkenn dina sababraha bak, diarah atjina. Ari hampasna atawa ong-gokna, eta oge didoelkeun. Di Bandoeug onggok toehoer pajoe lima wélas kétip sapikoel. Démi atjina dikirimkeun ka nagara nagara sabrang sarta kargana mahal.

Prak-prakawana di panggilingan, koerung hén-leu pati lérang bènér, da geuning rea nakér parabolna teh. Mangga éngke bae, ari sénang-sénang, oerang angkat ka ditoe, ambek oeninga

— atoeranana ongkoh. Dëmi soeock dikampa, diarah minjakna, babakoena koe oerang Tjiateul di kota Bandoeng. Ieu oge, prak-prakanana njieun minjak, kawas moal pati térang ditjaritakeun koe koering mah. Langkoeng sae éngke bae, ari ka Bandoeng tea, oerang sakulian ka pangampaan soeock. Ari moelili ti pangampaan, oerang ngagaleuh gébliég saréng ontjom."

„Géblégnu keur parab laeok di bolong oerang," tjeuk Misnëm.

„Heueuh, 'Nëm, tapi outjomna mah keur aing!"

Keur waktoc baroedak ngaromong kitoe, geus inëndoeng pihodjanenu.

„Hajoe!" tjeuk pamanna, „oerang baralik, hisi hoedjaneun."

---


## II. GĚLAP.

---

Kira-kira wantji bėdoeg, noe ti karėbon tea geus daratang ka tēmboer. Barang gek pisan di tēpas imahna, tjoer bae hoedjan, gėlap dor-dar taja careunna.

Baroedok lajocmpatan ka imah, njoempoet bari njoeljokan tjewi sarta gegëroan: „Sieun gëlap! sienn gëlap!”

Hoedjanna teu lila ruat, ngan kari ngëproel kawas iboen; tapi gëlap mah anggër, dor-dar mutak këtir kënëh hae.



„Leuh! hadena bae oerang gens népi ka imah: tjoba lamoen di ditoe kënëh mah, keneung témën. Kainggis teh bëlédag dibentar gëlap,” omong 'Pa Rosdi.

Barang keur ngomong kitoe, boerinjaj, loc-rinjaj, bëlédag, djëlégex, deukeut pisan sorana tel.

„Moad salah tangtue aja noe dibentar gëlap,

euj! Tah geuning aja noe djédjéritan, gégéroan."

Barang toeroen, katarendjoeun seuneu di imah tataungana geus ngagoedag-goedag. Djéléma<sup>2</sup> rane tinggaréro: „Kahoeroean! kahocroean! kahocroean!"

'Pa Roesdi djeung adina lałoempatan, rek miloe marcumun seuneu.

Si Roesdi djeung si Misnëm gégéroan ka indoengna: „Toeloeng! toeloeng!" bari tjeurik rawah-riwih, „koering sieun kabedeum! sieun dibentar gélap!"

Ari si Misnëm loeloempatan, toeloej njoempot ka kolong.

„Ka darieu baroedak! montong sieun-sieun, kapan aja éma di dieu," omong indoengna. Tapi si Misnëm tjitjing bae di kolong, ari Roesdi ngadédempes di para.

---

## 12. KAHOEROEAN.

---

Barang 'Pa Roesdi djeung adina népi ka noe kahoeroean tea, djéléma noe noeloengan taljan pati loba, seuneuna keur meudjéulna moentab-

moentak, tinghaléiétok, tinghalélédoeg sora awi  
noe bararitoe.

Noe tjeurik rawah-riwih, awewe patindingje-  
rewel bari ngariringkik, barodak latoempatan  
ngaler-ngidoel, aki-aki nini-nini digarandong koe  
anak intjoena, njaringkahan seuneu hoeroeng.

Djéléma-djéléma naroeoenganana teu pocgoeh  
tjabak, lantaran kasina koe seuneu sakitoe  
gédena. Silalatoe tinghéléwër, tinghélésai. kawas  
aja noe ngaloeng-ngaloengkeun bac. Malah té  
deui ka imah sedjen, atozh beuki lambah gède  
baé seunema téh.

Djéléma-djéléma. aja noe ngéprakan koe gan-  
tar, ngaloeng-ngaloengkem gébog kana seunen,  
dyeung ngabandjoeran koe tjai tina lodong.

Di soehoenan-soehoenan imah reuteum noe  
marawa eunteung dyeung kérés, ditodjokem  
kana seuneu. Anoe sawarch deui toembak  
diajoeing-aljoeingkeun; pokna djéléma-djéléma,  
eta téh panjinglar seuneu.

Keur sakitoe ribostna kabéhéran gér deui  
hoedjan leuwih gède batan tadi.

Seunen noe ngoentah tea ngadak-ngadak pès  
pareum.

Noe naroeleengan toeloej baralik ka sainmahimahna.

Anoe taringgal di dinja ngan kari noe boga imah djeung tatangga-tatangga noe dareukeut, marantoean meres-mereskeun barang noe teu ka-doerock ka imah noe sedjen, noe teu kabocroean.

Tjik, baroedak, mana noe panghadena baris mareuman kabocroean teh, koe tjai, atawa koe eunteung, atawa koe kēris djeung panjinglar noe sedjen?

### 13. GELIN.

Isoek-isoeuk keneh Bakri djeung Djahri geus tingkoeroemoej handapeun tangkal limoes, imoeleongan boeah noe ragrag atawa oerocet kalong. Barang geus mareunang boeah, toeloej aroelin.

„Oerang njampeur Oedjang Roesdi leula, joel soegan aja keneh di imahna,” omong noe saorung.

Ti kadjaeubar keneh eta baroedak geus gegēroan, njaloekan Roesdi.

„Djang Oedi . . . ! Djang Oedi . . . ! Ka mana Djang Roesdi teh?”

„Soegan geus njaba, euj!" tjek noe saorang deui.

„Tjik tjalocken sakali deui, 'Kri!"

„'Djang Roesdi....! 'Djang Gëmbroe....!"

„Eneueueuji leu euj dewek teh," tembal Roesdi.

„Keur naori, 'Djang, di hawoe?"

„Keur sidoeroe, euj, liris, bari noenggoean boeboej sampea. 'Ke, oerang djut heula sampenna nja! Moeboejna opat sagëde-gëde leungeun silang. Hajang 'Kri?"

„Poegoech bae, 'Djang, hajang mah."

„Kop tab hidji, sapotong sewang djeung Djahri. leu noe tiloe keur dewek sorangan."

„Aeh-ah! na' beak tiloe londjor koe sorangan?" tjek Djahri.

„Poegoech bae, malah koerang keneh saketu mah," tembal Roesdi.

„Na', ari silaing gëmboel teuing, 'Di!"

„Hih! lain gëmboel, euj, beuki barang hakan. ari kitoe mah!"

„Paingan sakitoe gëmbroena," omong Bakri.

Roesdi neubal ka batoerna: „Na' mënding mana, bëgang kawas silaing djeung gëmbroe kawas dewek?"



„Njao teuing atoech,” tembal Bakri. „Hajoe euj, djeung tjijing bae di hawoe mah, mending aroelin. Da sidoeroe teh matak rea pare, tjeuk kolot oge. Ka mana oelinna, euj?”

Djawah Roesdi: „Oerang kokoletjeran, joet meungpeung gède angin.”

„Koemaha, dewek mah teu hoga kolejerna,” tembal Bakri.

„Dewek 'ge teu hoga,” omong Djahri.

„Ka mana atoech oelinna, euj?”

„Oerang timploekar bae hajoe, sisi Tjigède, meungpeung rea keusik keur gogorolongnana,” tjeuk Roesdi.

„Hajoe atoech!”

Barang baroedak lalaki keur ngaronjong kitoe,  
kadengeun koe si Misnēm.

Misnēm loempat njampeurkem hari gegéroun:  
„Koering miloe, kaka Roesdi!”

„Ah, moulong, sia mah awewe,” tembal Roesdi.

Misnēm njëntak ka Roesdi: „Na' ari awewe  
oelah oelin?”

„Pek rek miloe mah, tapi ngadjak batoer sia  
leula, awewe deui!” tjeuk Roesdi.

Broel baroedak teh, awewe lalaki, ngaent  
ka sisi tjai.



#### 14. TTIMPLOEKAN.

Barang geus' denkeut ka sisi waloengan, ba-  
roedak laloempatan, pahenta-heula datang ka  
sisi tjai. Baroedak awewe katinggaleun, tingaja  
rèrit, menta didagoan.

Roesdi gegéroun: „Kop djoerig tjai, péyat  
boedak awewe!” Baroedak awewe beuki tarik

galëgëroanana: „Toeloeng! lalaki, loeloeng!  
Aja noe ngoedag pandeuri!”

„Kop bae, lëbuk,” tjeuk boedak lalaki teh.  
Teu lila baroedak geus narëpi ka sisi tjal.

„Oerang marandi heula,” tjeuk Bakri.

„Ah, ëngke bae 'tas oelin!” omong noe sae-  
rang deui.

„Oelin naon, tadi teh Roesdi?” tjeuk Djahri.

„Apan titimploekan, euj!” lembal Roesdi.

„Koemaha titimploekan teh? Ngaran-na 'ge  
kakara ngadenge dewek mah. Oelin model mana  
eta?”

„Model dewek bae,” tjeuk Roesdi. „Barelo  
bendjo baroedak oerang lëmboer Tjigëntoer,  
uroelinna kitoc.”

„Na' koemaha pëlana, 'Di?”

„Heug ëngke koe dewek dipapatahan.”

„Lëbah dieu silaing njeun goegoenoengan koe  
keusik, sing lochoer, lëbah ditoe silaing njeun  
bidji deui. Dewek rek njeun bobolaanana,  
adoekeuneun.”

Si Roesdi njeun bobolaan koe keusik sagëde-  
gëde hoeloe. Bakri djeung Djahri ujarieun goe-  
goenoengan.



Misaëm-djeung baroedak awewe noe sadjen maroeioengan harčmis, keur doedocilan.

Tjeuk Roesdi: „Hajoe oerang titimplockan teh, tah bolana hidji sewang, meunaag njeunna dewek.

Barawa koc silaing, hidji sewang, ka loehoer goegocnoengan. Ti loehoer, koc sarilaing gorolongkeun, sina diadoe, saha-saha noe peuraj bolana, eta noe elch.

Dewek noe njaksian di handap; ũngke saha-saha noe peuraj bolana, eta noe gũitran djadi saksi. Kahalarti?”

„Poegoch bae euj, hajoe atoch!”

Pek baroedak teu aroelin, pili gẽnti noe narack djeung noe djadi saksi.

Baroedak awewe lalodjo bari njoerakan noe  
peuraj bolana.

Barang keur rame-rame aroelin, gër tjaah  
gède nakër teu kanjahoan lehua.

Baroedak laloempatan, paheula-heula ka darat.  
Goegoenoengan pasir tea beuk kabawa tjaah.

„Hajoe oerang baraluk, bisi ditjarekan koe  
ëma.” Broel baroedak teh baraluk, ajang-ajang-  
goeng, bari kakawihan. Kieu kawihna:

Ajang-ajanggoeng, goeng,  
goeng goongna rame, me,  
menak Ki Mas Tanoe, noe,  
noe djadi Wadana, na;  
naha mana kitoe, toe,  
toekang olo-olo, lo,  
loba anoe giroek, roek,  
roekël djeung koempëni, ni,  
niat djadi pangkat, kat,  
katon kagorengan, ngan,  
ngantos kandjeng dalëm, lëm,  
lëmpa, lëmpi, lëmpong!  
ngadoe pipi djeung noe ompong.

---